



THE STATE EDUCATION DEPARTMENT / THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

Batiman Ansèyman Eta
89 Washington Avenue
Albany, New York 12234

Twitter: @NYSEDNews
Tel: (518) 474-3852

PWOGRÈ PÈSISTAN

Rapò sou Distri Eskolè Santral East Ramapo

Desanm 2018

Charles A. Szuberla, Jr., *Monitè*

John W. Sipple, *Monitè*

Denise Lowe, *Monitè*
(11/2018)

Pwogrè Pèsistan

Rapò sou Distri Eskolè Santral East Ramapo

Responsabilite Delege an ak Monitè yo	1
Reyalizasyon Distri a nan lane 2017-18.....	1
Apèsi Enskripsyon an	2
<i>Tablo 1. Enskripsyon</i>	
<i>Tablo 2. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane selon kritè Apatenans Etnik</i>	
<i>Tablo 3. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane - Lòt Gwoup yo</i>	
Responsabilite Akademik.....	2
<i>Tablo 4. Eitati Responsabilite Distri an ak Lekòl</i>	
<i>Tablo 5. 3-8 Ladrès nan Lang Anglè</i>	
<i>Tablo 6. 3-8 Ladrès nan Matematik</i>	
<i>Tablo 7. To Gradyasyon Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane</i>	
Pwopozisyon Klas Ranfòse	4
<i>Tablo 8. 2018 Enskripsyon Plasman ak Rezilta Avanse</i>	
Retablisman Rediksyon Estaf Pèsonèl la.....	5
<i>Tablo 9. Rediksyon ak Restorasyon Estaf Pèsonèl la</i>	
Gwosè Mwayèn yon Klas.....	7
<i>Tablo 10. Gwosè Mwayèn yon Klas* pou Chak Klas</i>	
Chapit 59 nan Lwa 2017 lan	7
Plan Akademik Estratejik	9
Pwogramasyon Amelyore	16
Plan Amelyorasyon Finans Piblik.....	18
Bidjè Enprevi 2018-19.....	21
<i>Tablo 11. Sous Finansman pou Reponn ak Bidjè Enprevi</i>	
Rekòmandasyon Siveyans Reyalize	23
Preyokipasyon	23
Rekòmandasyon.....	24

Responsabilite Delege an ak Monitè yo

16 Dawou 2016, Depatman Edikasyon Eta New York (State Education Department, SED osinon “Ministè”) Delege MaryEllen Elia te nonmen Charles Szuberla epi nonmen Dr. John Sipple antanke monitè (“Monitè”) pou Distri Eskolè Santral East Ramapo (“Distri”)¹. Inisyativ siveyans pou lane 2017-18 lan te apiye kò li sou travay monitè Eta yo te fè depi jen 2014 epi ki te gen ladan li kolaborasyon Konsèy Edikasyon (“Konsèy”) ak lidè Distri an pou mete an mach Plan Estratejik Amelyorasyon Ansèyman ak Finans Piblik; amelyore plan bidjetè ak finans piblik la; epi voye je jan Chapit 59 Lwa 2017 yo mande sa². Anplisdesa, Monitè yo te voye je sou bonjan akonplisman total faz II Distri an ak yon pwopozisyon obligasyon \$58 milyon dola ameriken ki la pou finanse reparasyon ak pwojè esansyèl yo. Rapò sa mete pwen sou kondisyon akademik ak finans piblik Distri an pou ane lekòl 2017-18 la.

Reyalizasyon Distri a nan lane 2017-18

1. Tout sou-gwoup elèv yo te montre amelyorasyon nan tès Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) ak tès Matematik Eta a pou elèv 3yèm Klas pou 8yèm Klas.
2. Ofisye Finans Eta New York la amelyore sitiyaasyon finans piblik Distri an sòti nan “estrès rezonab” ale nan “san apelasyon”.³
3. Konsèy Edikasyon ak sendika pwofesè yo te dakò sou yon nouvo kontra k ap kòmanse an jen 2021.
4. Distri an te fini ak Faz II pwogram konstriksyon esansyèl lan ki te gen yon valè \$59 milyon dola ameriken san reta ak san depase bidjè ki te la pou sa.
5. Distri a te ajoute sis (6) klas edikasyon kolaboratif espesyal.
6. Distri an te ajoute sis (6) pwofesè Anglè antanke Nouvo Lang (“English as a New Language, ENL”) epi enstriksyon bileng.
7. Distri an te deziyen uit (8) pwofesè pou mete an mach ansèyman efikas yo nan lekòl segondè yo.
8. Distri an te ajoute 12 pwofesè boza ak mizik.

¹ Dr. Sipple te fini ak travay li antanke yon monitè 30 jen 2018.

² Yo te amande Chapit 89 Lwa 2016 lan ak atik 48 Pati YYY Chapit 59 Lwa 2017 la epi Chapit 59 Lwa 2018 la.

³ An 2015 epi 2016, Ofisye Finans la te klase East Ramapo antanke yon distri ki gen yon “estrès enpòtan”. An 2017, Ofisye Finans la te klase East Ramapo antanke yon distri ki gen yon “estrès rezonab”. An 2018, Distri a pa te parèt nan lis lekòl anba estrès finans piblik.

9. Distri an te mete sou pye yon modèl kolaborasyon ant pwofesè nan lekòl segondè yo.
10. Distri an te ajoute fasilite nòm akademik pou tout nivo eskolè yo.
11. Pwopozisyon pwogram ete akademik elaji Distri an gen ladan li:
 - Kan dete mizik enstrimantal pou klas 4-8 (400 elèv);
 - Kan dete mizik enstrimantal pou klas 2-8 (250 elèv);
 - Akademi dete syans sou lasante pou klas 2-8 (250 elèv);
 - Pwogram ane lekòl pwolonje pou elèv jaden danfan jiska 8yèm ane (255 elèv); ak
 - Elèv ki gen Edikasyon Fòmèl ki pa Konplè/Enkonsistan pou klas 9-10 (60 elèv).

Apèsi Enskripsyon an

Tablo 1. Enskripsyon

Sougwoup	2015-16	2016-17	2017-18
Jaden Danfan (Demi Jounen)	1,691	1,686	1,691
Jaden Danfan (Tout Jounen)	100	98	99
Jaden Danfan jiska 12yèm ane Lekòl Piblik	8,472	8,598	8,843
Jaden Danfan jiska 12yèm ane Lekòl Prive	23,834	24,579	26,526

Tablo 2. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane selon Apatenans Etnik

Sougwoup	2015-16	2016-17	2017-18
Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	37%	34.4%	31.7%
Ispanik osinon Latino	53.1%	56.4%	59.6%
Azyatik/Ameriken Natifnatal	4.5%	4.2%	3.9%
Blan	4.4%	4%	3.9%
Plizyè Ras	1%	1%	0.8%
Endyen Ameriken/Alaskyen Natifnatal	0%	0%	0.1%

Tablo 3. Enskripsyon Lekòl Piblik sòti nan Jaden Danfan rive nan 12yèm ane - Lòt Gwoup yo

Sougwoup	2015-16	2016-17	2017-18
Elèv nan Lang Anglè	29%	34%	37%
Elèv ki gen Andikap yo.	21%	20%	21%
Moun ki Dezavantaje Ekonomikman	87%	88%	89%

Responsabilite Akademik

Kounya yo klase Distri a antanke yon distri sible. Nan 14 lekòl ki nan Distri an, sis (6) ladan yo se lekòl sible ak youn ki se lekòl priyorite. Lekòl Elemantè Elmwood te rive reyalize estati “an règ” nan 2017-18 la.

Tablo 4. Estati Responsabilite Distri an ak Lekòl

NON	Sitiyasyon 2017-18	Responsabilite
EAST RAMAPO CSD (SPRING VALLEY)		Distri Sible
LEKÒL ELEMANTÈ FLEETWOOD	An Règ	
LEKÒL ELEMANTÈ GRANDVIEW		Lekòl Sible
LEKÒL ELEMANTÈ HEMPSTEAD	An Règ	
LEKÒL ELEMANTÈ KAKIAT	An Règ	
LEKÒL ELEMANTÈ MARGETTS		Lekòl Sible
SANT TIMOUN ANBAZAJ EAST RAMAPO NAN KAKIAT	An Règ	
LEKÒL ELEMANTÈ SUMMIT PARK	An Règ	
LEKÒL ENTÈMEDYÈ NAN CHESTNUT RIDGE		Lekòl Priyoritè
LEKÒL SEGONDÈ SPRING VALLEY		Lekòl Sible
LEKÒL ENTÈMEDYÈ NAN POMONA		Lekòl Sible
LEKÒL ELEMANTÈ ELMWOOD	An Règ	
LEKÒL SEGONDÈ RAMAPO		Lekòl Sible
LEKÒL ELEMANTÈ LIME KILN	An Règ	
LEKÒL ELEMANTÈ ELDORADO		Lekòl Sible

Evalyasyon Eta

Yon nouvo baz referans pou evalyasyon Eta te etabli an 2018 lakòz chanjman ki sòti nan twa (3) pou desann nan de (2) jou pou tè. Sepandan, yo pa kapab konpare nivo konpetans yo ak ane ki te pase yo. Kanmenm, nouvo baz referans sou evalyasyon Eta pou 3yèm rive 8yèm Klas yo bay lespwa. Monitè yo souliyen bezwen deplizanplis ijan pou konsantre sou Elèv k ap aprann Lang Anglè ak Elèv ki gen Andikap yo, menm si y ap amelyore, rezilta yo twò ba.

Tablo 5. 3-8 Ladrès nan Lang Anglè

Sougwoup	2016	2017	2018
Ansèyman Jeneral	28%	28%	32%
Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	21%	24%	31%
Isipanik osinon Latino	17%	18%	22%
Blan	35%	36%	40%
Elèv k ap Aprann Anglè	2%	3%	5%
Elèv ki gen Andikap yo.	2%	4%	6%

Tablo 6. 3-8 Ladrès nan Matematik

Sougwoup	2016	2017	2018
Ansèyman Jeneral	21%	23%	26%
Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	15%	17%	21%
Ispanik osinon Latino	13%	16%	18%
Blan	31%	36%	39%
Elèv k ap Aprann Anglè	2%	5%	6%
Elèv ki gen Andikap yo.	2%	3%	5%

To Gradyasyon Lekòl Segondè

To gradyasyon, si yo retire elèv ki Nwa yo, diminye anpil depi 2015. To gradyasyon Ispanik ak Latino an ba anpil, lè w konpare li espesyalman ak to gradyasyon nan Eta a, swa 68% pou elèv Panyòl ak Latino nan lane 2017 la. To gradyasyon pou Elèv k ap Aprann Lang anglè yo ak elèv ki gen andikap yo ba tou epi byen ba mwayèn Eta ki se 27% ak 54% respektivman. Distri a mete sou pye yon nouvo sistèm ki rele *Final Five* pou swiv pwogrè tout elèv yo pou gradyasyon ak plan aprè gradyasyon pou fè si elèv ki gen difikilte yo ap resevwa èd siplemantè pou yo rete sou chemen gradyasyon. *Final Five* la swiv asistans/konpòtman, Egzamen Regents/mwayèn jeneral, egzamen SAT/ACT, fini ak 200 èdtan sèvis kominotè ak aplikasyon pou omwen yon fakilte.

Tablo 7. To Gradyasyon Lekòl Segondè nan Kat (4) Lane

Sougwoup	2015	2016	2017
Ansèyman Jeneral	69%	67%	59%
Moun Nwa oswa Ameriken Nwa	68%	73%	75%
Ispanik osinon Latino	53%	52%	37%
Blan	56%	48%	44%
Elèv k ap Aprann Lang Anglè	12%	7%	4%
Elèv ki gen Andikap yo.	31%	52%	43%

Pwopozisyon Kou Ranfòse

Aprè plizyè ane nan rediksyon ekstèm, Distri a pwopoze klas Plasman Avanse (Advanced Placement, AP) ak lòt kou nivo fakilte. Lane dènyè, 508 elèv nan lekòl segondè sou yon total 2,700 te pwofite kou amelyore yo.

Tablo 8. 2018 Enskripsyon Plasman ak Rezilta Avanse

Nonb Total Elèv AP	148
Nimewo Egzamen	302
Elèv AP ki gen Nòt Egzamen 3+ yo	81
Pousantaj Total Elèv ki gen Nòt 3+ yo	54.7%

Kou Fakilte

Trèz pousan (13%) elèv lekòl segondè nan Distri an te swiv klas fakilte ane 2017-18 la. To reyisit elèv yo nan Lekòl Segondè Spring Valley an te 95.5% (149 elèv sou 156). To reyisit elèv yo nan Lekòl Segondè Spring Valley an te 97% (198 elèv sou 204). Kou fakilte elèv nan East Ramapo yo te swiv an 2017-18 la gen ladan yo:

- Redaksyon nan Lang Anglè I
- Anglè 101
- Ekspresyon pou Inivèsite
- Kominikasyon Medyatik
- Panyòl I
- Aljèb
- Fizik
- Dans Miltikiltirèl
- Zafè Piblik
- Sikoloji

Retablisman Rediksyon Estaf Pèsonèl la

Distri a retabli yon total de 185,5 pozisyon sòti nan rediksyon ekstrèm yo ki te kòmanse an 2008 epi yo te dekri nan mwa novanm 2015 nan rapò Hank Greenberg a. Depi 2008 plis pase 2 100 elèv te ogmante enskripsyon yo. Yo prezante yon rezime retablisman yo anba la.

Yo fè espere yo kite paj sa vid. W ap kontinye jwenn rapò nan paj ki vini aprè yo.

Tablo 9. Rediksyon ak Restorasyon Estaf Pèsonèl la

	2008-09	Rediksyon 2009-12	Rediksyon 2012-13	Rediksyon 2013-14	Rediksyon 2014-15	Rediksyon 2017-18	Rediksyon 2018-19	Nonb Total Rediksyon	Yo te retabli li 30 Jen 2018	Chanjman Nèt
Pwofesè Elemantè		75						75	26	-49
Pwofesè La/Mizik Elemantè									21	21
Pwofesè Segondè		93.2		16				109.2	47.5	-61.7
Pwofesè La/Mizik Segondè									22.5	22.5
Pwofesè Edikasyon Espesyal				15				15	1	-14
Èd Endividyèl		19		5				24		-24
Asistan Ansèyman		49					15	64	10	-54
Pwofesè Asistans		1						1	0.5	-0.5
Konseye Pedagojik									2	2
Kowòdonatè Sant Resous Familyal									5	5
Pwofesè Ranplasan		8.3						8.3	0	-8.3
Travayè Sosyal		15						15	1	-14
Sipèvizè		4	1					5		-5
Fasilitatè Nòm Akademik									4	4
Dwayen		12.5						12.5		-12.5
Prezidan Depatman		10						10		-10
Asistan Segondè Direktè		2						2	2	0
Asistan Elemantè Direktè		11						11		-11
Administratè Batiman/Teren		1						1		-1
Administratè Sèvis Transpò		1						1		-1
Administratè Biwo Santral		3					2	5	1	-4
Direktè Ansèyman Segondè		1	1					2	1	-1
Fòmasyon Teknolojik pou Pwofesè		1	1					2		-2
Pwogram Ete Tit I		1	1					2	1	-1
Kowòdonatè Lasante		1	0.5					1.5		-1.5
Enfimyè				2			1	3		-3
Sèvis Piblik		88	2	7	20	17	3	137	40	-97
Total		397	6.5	45	20	17	21	506.5	185.5	-321

Ekivalan Enskripsyon Tan Konplè (Full-Time Equivalent Enrollment, FTE)	1,898	1,501	1,495	1,450	1,430	1,413	1,392		1,577	
---	--------------	--------------	--------------	--------------	--------------	--------------	--------------	--	--------------	--

Nòt pou Tablo Rediksyon ak Retablisman Estaf Pèsonèl la:

1. Done yo chita kò yo sou enfòmasyon Distri a te bay ak yon egzamen pwosè vèbal ofisyèl Konsèy Edikasyon an sòti an septanm 2008 rive jen 2018.
2. Lakòz chanjman ki genyen nan estrikti Distri an, li difisil pou fè yon konparezon dirèkman nan nivo estaf lan lane aprè lane. Pa egzanp, yo te ranplase Direktè depatman ansèyman pa Fasilitatè Nòm Akademik pou yo fikse yo sou enstriksyon ak devlopman pwofesè.
3. Enskripsyon Piblik elèv Jaden Danfan jiska 12yèm ane:
2009: 7,752 (94 elèv Jaden Danfan)
2018: 9,855 (1 790 elèv Jaden Danfan)
4. Yon pati enpòtan nan rediksyon sèvis piblik yo se akòz privatizasyon sèvis transpò elèv yo.
5. Gras ak amelyorasyon yo te pote nan biwo estaf pèsonèl la, Distri a jwenn plizyè kandida pou chak pòs vid pou lane eskolè 2018-19 la.
6. Grafik sa montre rediksyon ak retablisman sòti 2009 pou 2018. Li pa montre nonb total estaf pèsonèl la nan chak kategori nan moman sa la.

Gwosè Mwayèn yon Klas

Tablo 10. Gwosè Mwayèn Klas* pou Chak Klas

	2008-09	2009-10	2010-11	2011-12	2012-13	2013-14	2014-15	2015-16	2016-17
Branch komen	19	20	22	25	24	26	26	25	26
Klas 8yèm ane									
Anglè	17	22	21	19	20	21	23	20	20
Matematik	18	21	21	19	19	21	23	21	21
Syans	19	20	21	20	20	23	22	22	21
Syans Sosyal	18	21	22	21	20	23	24	21	22
Klas 10yèm ane									
Anglè	21	21	21	20	20	22	22	18	20
Matematik	21	20	18	21	21	22	18	20	24
Syans	20	21	20	20	21	19	22	20	21
Syans Sosyal	20	22	21	22	20	22	22	21	21

*Gwosè Mwayèn Klas la se nonb total enskripsyon nan klas espesifik divize pa nonb klas sa yo ki gen enskripsyon.

Branch komen vle di klas endepandan sòti nan 1ye ane jiska 6yèm ane.

Pou kounya, kantite maksimòm elèv yo gen limit nan chak klas nan kontra pwofesè yo konsa:

Jaden Danfan/Anglè antanke yon Dezyèm Lang (English as a Second Language)	15
Jaden Danfan/Anglè antanke yon Dezyèm Lang (English as a Second Language)	26
Klas 1-3/ESL	28
Klas 4-6/ESL	31
Klas 7-12	25
Klas 7 -12 (Ak risk pou echwe)	24
Klas 7 -12 Tablo Donè	29
Klas 7-12 AP	30

Chapit 59 nan Lwa 2017 lan

Bidjè Eta a te vote pou 2017-18 la te prevwa yon finansman \$3 milyon dola ameriken Eta a ap kontinye bay Distri a (atik 48 Pati YYY nan Chapit 59 nan Lwa 2017 lan). Chapit 59 nan Lwa 2017⁴ lan te egzije Distri a pou mete ajou twa (3) plan prensipal nan kolaborasyon ak aksyonè yo ki nan kominote an epi Monitè Eta yo:

- 1) Plan akademik estratejik alontèm (2016-2020);
- 2) Plan amelyorasyon Finans Piblik alontèm; ak
- 3) Plan depans k ap fè rezime itilizasyon finansman \$3 milyon dola ameriken an nan Eta a, kote Distri an te itilize nan ane lekòl 2017-18 lan pou mete sou pye yon jaden danfan tan konplè epi retabli pwogram la yo nan lekòl elemantè yo.

Plan amelyorasyon finans piblik yo mete ajou ak plan depans global pou \$3 milyon dola ameriken anplis nan Fon Piblik pou lane eskolè 2017-2018 lan nan konsiltasyon avèk monitè Eta yo jan Chapit 59 nan Lwa 2017 egzije sa. Envestisman nan sistèm edikasyon 2017-18 la ki jwenn finansman \$3 milyon dola ameriken yo te òganize ak rekòmandasyon 8 ak 10 nan rapò 14 desanm 2015 Monitè yo ki rele “Opòtinite ranvwaye pou pi devan”:⁵ Rekòmandasyon 8 la te bay elèv jaden danfan yo yon jounen konplè epi rekòmandasyon 10 la te kontinye mennen ankèt sou posibilite pou rasyonnalize konfigirasyon nòt yo epi sou orè klas yo ap kòmanse.

Ansanm, twa (3) plan yo abòde domèn esansyèl yo idantifye antanke yon nesosite pou yo amelyore swa se monitè yo oswa se Distri a, ak kominote an atravè analiz rasin kòz la ki te fèt pandan devlopman plan estratejik la. Plan akademik estratejik la bay objektif ou kapab mezire ak estrateji ou kapab konprann pou adòde domèn ki bezwen amelyorasyon yo, espesyalman:

- Estabilite Finansyèl;
- Opòtinite akademik ak rezilta pou tout elèv;
- Ansèyman ak to reyisit akselere pou elèv ki gen andikap yo;
- Ansèyman ak to reyisit akselere pou elèv k ap aprann anglè yo; ak
- Konfòmite ak règlemantasyon ak lwa nasyonal epi federal ki aplikab yo.

Plan amelyorasyon finans piblik la òganize resous finans piblik la ak yon plan akademik estratejik, ki fè remak risk ak dèt, idantifye opòtinite pou amelyore kontwòl entèn yo, epi egzamine dirabilite finans piblik alontèm.

⁴ Chapit 59 nan Lwa 2018 lan pwolonje obligasyon sa jiska 30 jen 2021.

⁵ Ou kapab jwenn aksè nan rapò « Opòtinite ranvwaye pou pi devan » an nan:

<https://www.regents.nysed.gov/common/regents/files/East%20Ramapo%20Report%20Pub.pdf>.

Plan Akademik Estratejik

Misyon Distri Eskolè Santral East Ramapo di:

“Antanke yon kominote ki ini, Distri Eskolè Santral East Ramapo pran angajman li pou li bay tout timoun ansèyman pandan l ap ofri yon anviwonman sen, ki an sekirite, k ap bay sipò, ki estimile timoun yo, epi yon anviwonman ki mande yo fè efò.”

26 Septanm 2016, Delege Elia te apwouve plan akademik estratejik alontèm Distri an ak plan amelyorasyon finans piblik la, ki gen ladan yon plan depans global (“plan amelyorasyon”). Annapre, Distri an mete plan amelyorasyon an sou pye pou jere resous yo pi byen. Delege an te mete plan yo ajou epi apwouve yo an oktòb 2017 epi distri an te resevwa lajan an fevriye 2018. Yo te devlope plan yo ak twa (3) objektif kòm rezon:

- 1) Anseye tout timoun;
- 2) Amelyore ak kenbe anviwonman fizik lekòl ak teren yo; ak
- 3) Mete sou pye yon sistèm jesyon solid.

Estrateji Ansèyman

Plan estratejik Distri an chita kò li sou Kat (4) Fondman. Fondman yo defini konpetans ak kapasite ki nesese pou reyalize objektif Distri a epi bay yon fondasyon pou patisipasyon pwofesè yo, lidè yo, estaf pèsònèl yo, fanmi yo ak patnè kominote yo.

Fondman 1: Gwo previzyon pou Ansèyman ak Aprantisay

Sistèm ansèyman òganize sou nòm yo:

- Òganize pwogram ansèyman, evalyasyon, materyèl, ak gid sou nòm aprantisay ki pi resan yo, epi asire y ap aplike avèk lojik chak jou nan chak lekòl ak nan chak klas.
- Jaden dafan pandan tout jounen pou tout timoun.
- Bay chak elèv aksè pou patisipe nan pwogram boza entegre ak Plasman Avanse, tablo donè, ak klas nan nivo inivèsite.

Enstriksyon reyaktif ak angajman elèv:

- Aplike yon seri pratik ansèyman debaz komen sou rechèch pou fasilite yon “bon premye ansèyman” nan tout domèn akademik, nivo klas, ak gwoup elèv yo.
- Bay fòs ak alfabetizasyon bonè ak aprantisay chif nan jaden danfan jiska 2yèm Klas avèk materyèl ki la pou sa, sipò, ak devlopman pèsònèl.

- Bay fòs ak angajman elèv yo ak afektasyon pou yo aprann atravè yon sistèm pòtfolyo elèv ki gen ladan li definisyon objektif akademik ak konpòtman yo, swivi estaf pèsònèl pwogrè ki fèt, ak konferans epi ekspozisyon elèv yo ki te òganize.
- Mande tout timoun k ap gradye nan lekòl segondè pou yo fè yon plan konkrè aprè lekòl segondè a an kolaborasyon avèk estaf pèsònèl la, kamarad yo, ak paran/gadyen.

Fondman 2: Kilti Sekirite ak Bonjan Relasyon ak Fanmi epi Kominote

Konpòtman pozitif ak vwa elèv:

- Mete sou pye epi kontwole tout nivo Konpòtman Pozitif ak Sistèm Entèvansyon nan chak lekòl ak nan chak klas pou kreye yon kilti sekirite pou aprann ak pou travay.
- Mete sou pye yon pwogram siveyans elèv-granmoun oswa elèv-elèv.
- Elèv yo òganize omwen yon fwa chak ane yon somè tankou yon fowòm pou diskite, entre yo avèk respè, estaf pèsònèl la, ak paran/gadyen.

Ansèyman famiyal ak kolaborasyon:

- Bay paran/gadyen yo yon fòmasyon pèsistan konsènan estrateji efikas pou ranfòse kapasite lang ak matematik elèv nan klas jaden danfan jiska 2yèm Klas.
- Bay paran/gadyen yo angajman nan fòmasyon, kolaborasyon ak kominikasyon pèsistan pou yo pi byen konprann ak sipòte reyisit elèv yo.
- Edike paran yo ak gadyen yo sou fason pou yo gen aksè nan resous lekòl la ak kominote an ki sipòte sante fanmi yo ak byennèt epi konpòtman ak siksè lavi elèv yo.

Estaj ak pwogram doub diplòm:

- Devlope patenarya nan kominote an ki bay opòtinite pou elèv yo enskri nan kou nan fakilte ak inivèsite lokal yo epi patisipe nan estaj ak aprantisaj ki gen ladan li patwon lokal yo ak òganizasyon ki nan kominote an.

Fondman 3: Rezilta, Aprantisaj Pwofesyonèl Kolaboratif ki Fikse sou rezilta

Devlopman pwofesyonèl ki baze sou nòm:

- Defini epi mete sou pye pratik ansèyman nòm ki aliye tout pwofesè yo ak estaf pèsònèl kòm sipò yo pral metrize epi egzekite nan salklas la.
- Defini epi mete sou pye nòm pwofesyonèl pou estaf pèsònèl sipò nan tout nivo epi garanti devlopman pèsistan estaf pèsònèl ki aliye ak atant sa yo.

Kolaborasyon ki gen pou baz prèv:

- Bay pwofesè, lidè ak anplwaye yo ase tan pou angaje yo nan Somè Done nan fen chak sik evalyasyon, avèk anfas sou analize done elèv yo, panse sou pratik pwofesyonèl, ak planifikasyon pou pwochen sik evalyasyon an.

Rezo lidèchip pwofesè ak administratè:

- Devlope yon ekip pwofesè, lidè, ak estaf pèsònèl byen antrene ak byen fòmè pou fasilite aprantisay pwofesyonèl nan lekòl, depatman ak nivo distri a.

Fondman 4: Sistèm Baze sou Done, Valid, ak Efikas

Sistèm evalyasyon nan bon moman an:

- Mete sou pye yon sistèm evalyasyon pou bay enfòmasyon atan epi fyab sou kwasans elèv la, pratik ansèyman, entèvansyon, epi kominikasyon avèk paran yo.

Planifikasyon, rapò piblik, ak selebrasyon:

- Fikse objektif sou pèfòmans epi devlope plan amelyorasyon ki baze sou rezilta pou chak lekòl ak inite nan nivo Distri an.
- Mete sou pye yon rapò piblik sou entènèt pou pataje pwogrè lekòl yo ak pwogrè Distri a ap fè omwens twa (3) fwa chak ane.
- Òganize seremoni nan lekòl ak distri yo pou selebre reyalizasyon estaf pèsònèl yo ak elèv yo omwens de (2) fwa pandan ane akademik la.

Kilti ekselans nan sèvis:

- Òganize wòl santral, resous, ak pwosesis pou pi byen sipòte lekòl yo.
- Rafèmi relasyon pwofesè ak relasyon pwofesyonèl estaf pèsònèl la atravè yon vizyon pataje, yon kominikasyon amelyore, yon travay difisil, ak devlopman pwofesyonèl.
- Fè ankèt a chak peryòd tan sou satisfaksyon estaf pèsònèl la pou mezire enfòmasyon epi garanti satisfaksyon estaf la.

Devlopman Pwofesyonèl

Administrasyon Distri a estime yon anviwònman sen, ki an sekirite, ki ankouraje, angaje, ak difisil nesèsè pou edike tout timoun nan. An patenarya avèk Efficacy Institute, estaf pèsònèl yo ap resevwa yon fòmasyon pèsistan nan Pwosesis Transfòmasyon Efikasite Lekòl yo (Efficacy School Transformation Process, ESTP) - yon pwosesis global refòm eskolè ki angaje pwofesè yo nan yon jefò kolektif pou akselere tout elèv pou yo gen konpetans akademik ak karaktè solid. Pwogram ESTP a fèt pou ede pwofesè yo amelyore angajman elèv, motivasyon ak pèfòmans yo.

Atravè atelye, antrènman ak lòt devlopman pwofesyonèl, patisipan yo angaje yo nan yon seri rezilta ki santre sou rezilta pou transfòmasyon lekòl la: misyon, atitid, ak metòd. Ansanm mezi ki gen twa (3) volè bati yon konsansis alantou yon misyon konpetans akademik ak bonjan karaktè pou tout elèv yo epi tabli yon bon lide pou sipòte li, sa vle di, yon kwayans nan kapasite tout elèv (ak pwofesè yo) pou aprann reyalize nan nòm ki wo, yon metòd amelyorasyon done pwòp tèt li jere ankò ki baze sou done yo. Atravè

panse kritik ak konpasyon, pwofesè yo ekipe avèk konesans ak zouti nan sèvis anviwonman aprantisay ki pi jis ak pi enklizif.

Distri an bay opòtinite devlopman pwofesyonèl sa yo:

- Objektif aprantisay ki gen bonjan kalite ki detaye ak elèv yo pou rann yo reponsab nan etid yo.
- Pratik evalyasyon fòmasyon, ki gen ladan li verifikasyon pou teste konpreyansyon yo, dwe itilize chak jou nan ansèyman.
- Pratik angajman ki gen ladan li pwotokòl ak lòt estrateji ki estimile refleksyon elèv yo.
- Sèvi ak done pou eklèsi ansèyman, ki gen ladan li estrateji pou mete estrikti ak diferansye aprantisay pou reponn ak bezwen tout elèv yo.
- Devlopman lidèchip ak dirabilite pwofesè yo ak direktè efikas yo, ki gen ladan li toude, antrenman ekstèn ak entèn sou teren.
- Pwogram Ak ansèyman aliye sou nòm.
- Edikasyon Espesyal ak aplikasyon nan klas pwogram ENL/Bileng ak ansèyman ki baze sou nòm.
- Fè pwomosyon yon kilti aprantisay sosyal ak emosyonèl nan efikasite ak kwasans mantalite.
- Konferans, atelye travay ak resous ki fèt pou amelyore reyalizasyon ak angajman elèv nan aprantisay.
- Atelye yo chita kò yo sou entegrasyon objektif debaz Distri a ak preparasyon elèv yo nan konpetans 21yèm syèk yo.
- Fòmasyon nan tout aspè Lwa sou Diyite pou Tout Elèv (Dignity for All Students Act, DASA).
- Resous ak sipò amelyore pou aplikasyon Pati 154 ak 154-3.
- Sipòte TOUT elèv k ap aprann grasa pratik ansèyman ki aliye ak nòm epi Konsepsyon Inivèsèl Aprantisay (Universal Design for Learning, UDL).

Lis ki anwo a pa eksklizivman pou yon sèl kalite òf devlopman pwofesyonèl an patikilye. Chak atik nan lis ki anwo a bay kòm referans ni eksperyans aprantisaj pwofesyonèl kote yo te chwazi moun yo pou patisipe ni òf volontè (an jeneral yo ofri yo andeyò Distri a) ki amelyore konesans ak pratik pwofesè ak lidè yo. Pou ane eskolè 2017-18 la, Distri a fè epi kowòdone sesyon obligatwa ki te entansif, kolaboratif, entegre nan pòs travay la,

baze sou done, ak konsantre sou klas yo; espesyalman, Efficacy Institutes, Eureka, ak EL Education sou antrenman pratik, redaksyon pwogram etid (korikolòm) pou aljèb ak etid konparativ mondyal, yon ansèyman ki fèt espesyalman pou sa, yon lidèchip ranfòse, ak bonjan ansèyman pou elèv k ap aprann lang anglè yo. Òf fòmasyon ki pa obligatwa Distri a gen ladan li Eureka Math August Summer Institutes, Cultivating District Leadership for ELL Success, New Norms for Healthy Schools Training, and Classrooms as Culturally Responsive Learning Communities.

Defi Akademik

Jan sa di anwo an, rezilta tèst pou elèv k ap aprann lang anglè ak elèv ki gen andikap yo twò ba. Epitou, to gradyasyon elèv Ispanik ak Latino yo ba anpil. Distri a te lanse nouvo pwogram ki te dekri anba a pou ede amelyore ansèyman pou elèv sa yo epi mete aksan sou yon mantalite kote tout elèv kapab rive nan nivo siperyè yo. Pwogram yo te site anba a se yon etap enpòtan nan bon chimen an, men li bezwen plis envestisman pou li akselere reyisit elèv yo epi ogmante to gradyasyon yo.

Pwogram Elèv k ap Lang Anglè (ELL)

Distri a bay elèv yo anpil opòtinite pou jwenn ansèyman pou aprann lang. Kounya Distri a bay Ansèyman Bileng Tranzitwa, Doub Lang, ak Anglè antanke yon Nouvo Klas Lang.

Ansèyman Bileng Tranzitwa

Yo pwopoze Pwogram Bileng Tranzitwa (Transitional Bilingual Education, TBE) ki disponib kounye a pou elèv ki nan klas matènèl jiska katriyèm klas.

Pandan premye ane yo nan ansèyman bileng la, elèv yo resevwa 70% ansèyman yo nan lang panyòl ak 30% nan lang anglè⁶. Pou chak ane elèv lan enskri nan pwogram TBE an, pousantaj ansèyman lang anglè ap ogmante epi ansèyman nan lang panyòl lan pral desann a 10%. Pa egzanp, pandan elèv la nan premye ane pwogram TBE an y ap resevwa 60% nan ansèyman yo nan lang panyòl ak 40% nan lang anglè. Chanjman ansèyman yo an pousantaj nan chak lang ap kontinye jiskaske elèv la vin efikas nan lang anglè a, an konfòmite ak Tès Pèfòmans Anglè antanke Dezyèm Lang Eta New York la (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT), yo fè chak peryòd prentan.

⁶ Distri a pa gen yon kantite elèv ki ase pou mande pou kreye Klas Kreyòl Ayisyen nan Nivo Elemantè. Tout elèv ELL yo ap aprann Anglè antanke yon ansèyman Nouvo Lang, jan yo di sa anba la.

Ansèyman Bileng nan yon Sèl Sans

Yo te chwazi modèl Ansèyman Bileng nan yon Sèl Sans pou elèv ELL ki nan klas 9-12. Sèl diferans ki gen ak klas TBE yo, klas de (2) lang nan yon sèl sans yo pa mande pou pwofesè yo ogmante enstriksyon nan lang anglè epi diminye ansèyman nan lang panyòl chak ane elèv la enskri nan klas yo. Olye de sa, elèv yo kapab resevwa ansèyman nan klas domèn debaz yo (syans, matematik, ak syans sosyal) nan lang panyòl. Metòd pou aprann lang sa pi byen reponn ak bezwen ansèyman popilasyon ELL la nan lekòl segondè Distri a pou de (2) rezon ki dekri anba la.

Elèv yo dwe pase senk egzamen Regents yo oswa ranpli yon pakou apwouve kat plis youn pou jwenn yon Diplòm Regents. Egzamen Regents yo disponib nan lang panyòl, sof pou egzamen Regents la nan lang anglè. Pa konsekan, bay elèv yo yon ansèyman ki konsistan nan lang lakay yo se bay yo opòtinite pou yo reyisi nan egzamen yo.

Pandan senk (5) dènye ane la yo, enskripsyon elèv ki gen laj ant 17 ak 20 lane yo te ogmante. Plizyè rapò rechèch montre aprantisay yon lang akademik kapab pran ant 7 a 10 lane ansèyman bon kalite nan lang anglè, ki fè li vin obligatwa pou elèv yo kontinye resevwa ansèyman nan lang lakay yo. Pou bay elèv yo opòtinite pou gradye anvan yo rive nan 21 lane yo, Distri a ap chita sou konesans ak etid pase elèv yo nan lang panyòl la.

Objektif chak apwòch aprantisay chak lang se maksimize reyisit akademik ak lengwistik elèv yo pandan y ap bay ansèyman an anglè ak lang lakay yo epi pou ankouraje yon anviwònman aprantisay pou elèv k ap aprann lang anglè yo reyisi sou plan akademik, sosyal ak emosyonèl.

Anglè antanke yon Nouvo Lang

Tout elèv ELL yo resevwa ansèyman anglè antanke yon Nouvo Lang (English as a New Language, ENL). Elèv Elemantè nan yon anviwònman bileng resevwa ansèyman ENL yo ak pwofesè klas yo, yo anseye li nan kad kontni ansèyman klas tankou lang anglè, syans sosyal, ak syans. Elèv ELL lekòl segondè yo gen peryòd klas ki rezève pou ansèyman ENL epi ak yon pwofesè ki sètifye an anglè pou Moun ki Pale Lòt Lang (English to Speakers of Other Languages, ESOL). Kantite peryòd ansèyman ENL elèv la resevwa baze sou nivo konpetans li nan lang anglè a, selon Tès Idantifikasyon Eta New York pou Elèv k ap Aprann anglè (New York State Identification Test for English Language Learners, NYSITELL) oswa Tès Pèfòmans anglè antanke yon Dezyèm Lang Eta New York la (New York State English as a Second Language Achievement Test, NYSESLAT). Elèv yo ki nan premye etap yo pou metrize lang anglè a ap resevwa toude ENL

entegre ak ansèyman otonòm, pandan moun ki gen bonjan konpetans ap resevwa sèlman ansèyman entegre ENL la.

Monitè yo pral kontinye konsantre sou rezilta elèv yo pou pwogram sa yo ki sèvi Elèv k ap aprann Lang anglè yo, ansanm ak pwogram pou elèv ki pa fè pwogrè apwopriye pandan yo nan lekòl elemantè ak elèv ki rive nan mitan ane nan lekòl segondè ki gen yon edikasyon fòmèl ki pa konplè.

Sèvis Sipò pou Elèv yo

Yo bay sèvis evalyasyon (sou yon baz ki nesèsè) pou elèv k ap lite sou plan akademik, sosyal, ak konpòtman pou detèmine elijiblite yo nan sèvis edikasyon espesyal. Elèv ki pa kalifye pou sèvis edikasyon espesyal (IEP), sèvis sipò nan batiman an ak sèvis 504 yo disponib tou (sèvis sa yo gen yon asterisk ki nan lis anba a). Sèvis sa yo gen ladan yo:

- Klas Espesyal (Rapò yo: 8:1:2, 12:1:4, 12:1:2, 12:1:1, 15:1)
- Klas entegre yo anseye a de (Jaden Danfan - 12yèm ane)
- Sal resous / pwofesè konsiltan *
- Terapi Lapawòl/langaj*
- Terapi Reyabilitasyon
- Terapi Fizik
- Pwofesè pou moun ki pa wè byen yo
- Pwofesè pou moun ki pa tandè yo
- Konsèy Sikolojik*
- Fòmasyon pou paran
- Konsiltan Sèvis zòrèy
- Entèkansyon konpòtman Èd Teknoloji Analis Konpòtman Sètifye (Behavior Certified Behavior Analysts, BCBAs) sipòte.

Nan nivo lekòl segondè, Distri a konsantre li pou amelyore to gradyasyon tout elèv yo epi ap swiv byen prè pwogrè chak elèv sou chimen gradyasyon. Nouvo orè Distri a ki gen yon sèl peryòd tan pou manje a midi pou tout elèv yo, ki bay elèv yo plis tan pou yo resevwa èd siplemantè oswa pran klas ki pa obligatwa.

Pwogramasyon Amelyore

Bidjè elektè yo te apwouve a⁷ te bati sou pwogrè ki te fèt nan lane 2016-17 la epi ki te gen ladan li nouvo pwogram sa yo:

- Pwogram Akademik Ete
 - Kan dete mizik enstrimantal pou klas 4-8 (400 elèv)
 - Akademi dete enfòmatrik pou klas 2-8 (250 elèv)
 - Akademi dete syans sou lasante pou klas 2-8 (250 elèv)
 - Pwogram ane lekòl pwolonje pou elèv jaden danfan jiska 8yèm ane (255 elèv)
 - Elèv ki gen Edikasyon Fòmèl ki pa Konplè/Enkonsistan pou klas 9-10 (60 elèv)
- Ansèyman Jeneral
 - Ansèyman La (3 pwofesè)
 - Ansèyman Bileng ak ENL (5 pwofesè)
 - Fasilitatè nòm akademik
- Ansèyman Lekòl entèmedyè
 - Ansèyman La (3 pwofesè)
 - Ansèyman Bileng ak ENL pwolonje (5 pwofesè)
 - Fasilitatè nòm akademik
- Ansèyman Lekòl Segondè
 - Ansèyman Efikas (8 pwofesè)
 - Modèl Kolaborasyon Pwofesè
 - Fasilitatè nòm akademik
 - Ansèyman Bileng ak ENL (4 pwofesè)
- Edikasyon Espesyal
 - Yo ogmante klas kolaboratif (24 klas nan klas 3yèm ane -12yèm ane)
 - Yo ogmante sèvis klinik yo tankou lapawòl ak langaj, pwofesyonèl, ak espesyalis konpòtman.

⁷ Yo te prezante premye bidjè a bay elektè yo an me 2017 ki te gen ladan li yon eka 1% taks. Yo te refize bidjè a avèk fòs. Elektè yo te apwouve yon bidjè ki te revize an jen nan limit prelevman taks la. Sèvis Transpò pou elèv ki pa elèv lekòl piblik yo nan jou lè lekòl piblik yo pa fonksyone pa te rantre nan bidjè a.

Distri a kontinye transfòmasyon Lekòl Entèmedyè Chestnut Ridge, yon Lekòl Priorité, nan yon Lekòl Bakaloreya Entènasyonal (International Baccalaureate, IB). Sibvansyon Amelyorasyon Lekòl Federal la finanse transfòmasyon an avèk \$2,497,895 dola ameriken yo te resevwa nan ane lekòl ki sot pase la. Sibvansyon an ap finanse pou senk (5) lane. Lekòl la ap fè pwogrè ki bay satisfaksyon pou li tounen yon lekòl IB.

Chanjman Akademik 2018-19

Korikoulòm ak Ansèyman

- Kominote Fòmasyon Pwofesyonèl Planifye epi baze sou done yo (Jaden danfan - 12yèm ane)
- Pwopozisyon kou nivo entèmedyè pou nivo Regents nan tout lekòl entèmedyè yo. Aljèb 1 & Anviwònman w ap Viv la (Rechèch 2 pwopozisyon adisyonèl)
- Akademi Spring Valley 9yèm Klas lekòl segondè
- 50 elèv lekòl segondè ap gen opòtinite pou yo akselere ak fen etid lekòl segondè yo pandan y ap jwenn jiska 60 kredi pou fakilte.
- Distri a ap bay debitan lekòl segondè yo ak sila ki nan nivo siperyè yo yon opòtinite pou yo jwenn So Biliteracy Eta New York la. Done Distri a montre plis pase 150 elèv yo te deja reponn ak anpil kritè nan pwèn yo.
- Yo ogmante sèt (7) klas edikasyon espesyal jeneral klas ansèyman nan nivo jaden danfan - 8yèm ane (sòti nan 12 klas pou rive 19)
- Devlopman kou kolaboratif nan lekòl segondè yo (9yèm -12yèm) nan domèn matematik, matematik, ak syans
- Abilite pou bay tout 15 asistan ansèyman ki anplis yo opòtinite pou retounen antanke èd pwofesè a tan plen, pou reponn ak otorizasyon ogmantasyon IEP yo. Yo te ajoute lòt pòs epi Sibvansyon Federal IDEA pral finanse yo.
 - Yo te rele 2 nan 15 nan yon pozisyon asistan ansèyman nan Distri a
 - Gen 4 nan 15 la ki te aksepte pozisyon kòm èd pwofesè a plen tan (1 annatant)
 - Gen 4 nan 15 la ki te refize pozisyon yo akòz lòt pwopozisyon travay
 - Gen 2 nan 15 la ki te refize pozisyon yo akòz mank enterè
 - Gen 3 nan 15 la ki pa te reponn oswa vin pou ranpli papye

Ansèyman Atistik & Aktivite

- Pwogram aktivite paraeskolè kilti atistik aprè lekòl la ap kontinye grandi epi bay elèv yo plis tan pou devlope konpetans nan mizik enstrimantal yo. Elèv yo kapab patisipe nan gwoup, òkès, ak fanfa elemantè.
- Koral “Little Miracles” elèv 5yèm ak 6yèm Klas yo ap kòmanse nan mwa septanm aprè lekòl Kakiat.

- Ane sa Distri a pral pwopoze koral “Miracles” la nan lekòl entèmedyè pou elèv 7yèm ak 8yèm Klas yo.
- Y ap bay komedi mizikal prentan an nan chak lekòl entèmedyè yo.
- Toude lekòl segondè ap bay dans, dram sezon otòn la, ak mizik prentan yo.
- Fanfa pral kontinye patisipe nan jwèt foutbòl ameriken yo, aktivite lokal yo, ak Konkou Majòrèt Eta New York yo.
- Elèv nou yo ap kontinye patisipe nan festival Solo ak Gwo Konpetisyon Asosyasyon Lekòl Mizik Eta New York.
- Kòmanse ane sa a, yo pral ofri mizik jeneral ak koral pou tout elèv Jaden Danfan pou 6yèm Klas.
- Kòmanse ane sa a, y ap ofri la vizyèl pou elèv elemantè nan tout lekòl sòti nan Jaden Danfan jiska 3yèm Klas ak pou 4yèm rive 6yèm Klas yo.
- Kantite enskripsyon enstrimantal nan lekòl elemantè yo te kontinye ap grandi, sòti nan 0 an 2015 rive nan 785 an 2018.
- Tout lekòl elemantè te fè konsè. Anpil lekòl te gen yon show atis.

Plan Amelyorasyon Finans Piblik

Bati sou Travay Ane Lekòl 2016-17 la

Popilasyon elèv 2017-18 Distri a genyen apeprè 8,843 elèv ki nan lekòl piblik ak yon estimasyon 26,825 elèv ki pa nan lekòl piblik. Gen 245 elèv ki ogmante nan popilasyon elèv lekòl piblik la. Estimasyon kwasans popilasyon lekòl prive pase 1,500 elèv. Gen 89% elèv nan popilasyon lekòl piblik la, ekonomikman ki defavorize (selon nonb manje midi gratis ak rediksyon) epi 37% se ELL yo ye. Anplis, 32% se Afriken-Ameriken epi plis pase 60% se Ispanik.

Kwasans nonb elèv nan ansèyman espesyal yo gen yon gwo enpak sou finans distri yo. To elèv ki gen andikap nan Distri a ogmante anpil: 54% depi 2003. Sa k pi enpòtan an, kwasans sa a te rive fèt nan menm moman ak popilasyon total elèv la (piblik ak sa ki pa piblik) te diminye. Pandan elèv ki gen andikap yo te reprezante 11% total elèv yo an 2003, li te rive nan somè an byen rapid ak plis pase 19% nan popilasyon elèv an 2016. Pa twò lontan, tandans sa te fè aparisyon li. Nan ane 2017-18 la, kantite elèv ansèyman espesyal te jwenn yon ti ogmantasyon pase ane anvan an, ki sòti nan 1,558 jiska 1,578. Pa kont, pwopòsyon elèv ki nan edikasyon espesyal an rapò ak popilasyon elèv total yo diminye sòti nan 17.8% tonbe nan 17.5%.

Malgre kontrent ki gen nan finans piblik la akòz defi espesifik li yo, Distri a te travay epi li kontinye ap konsantre pou li amelyore eta finans piblik li yo. Balans lajan ki pa afekte pou Distri a te gen yon amelyorasyon siyifikatif pandan kat (4) dènye ane yo la, ki sòti

nan negatif pou rive a 3.6% nan bidjè ane fiskal 2018-19 la. Limit legal Eta New York pou yon balans fon ki pa afekte yon distri lekòl se 4% nan pwochen ane fiskal bidjè a apwouve. 30 jen 2018, balans fon ki pa afekte yo te monte a \$8,413,535 dola ameriken. Nan fen ane fiskal 2017-18 lan Distri a te ajoute yon lòt \$244,853 dola ameriken sou balans fon sa.

Plan Depans Global pou \$3 milyon dola Sibvansyon Lejislatif

De (2) pi gwo pwogram akademik Distri a ap kontinye jwenn sipò sibvansyon \$3 milyon dola ameriken: jaden danfan ak ansèyman lajounen konplè.

Annakò ak Chapit 89 nan lwa 2017 lan, nan ane fiskal 2016-17 la Distri a te mete sou pye premye objektif li pou bay jaden danfan tan plen pou tout elèv yo. Distri a te kreye 28 klas jaden danfan atan plen, yon ogmantasyon enpresyonan nan kat (4) klas tan plen yo te ofri an 2015-16.

Distri a te anplwaye sèt (7) pwofesè jadendanfan monoleng, kat (4) pwofesè jaden danfan Bileng, ak yon lòt pwofesè la. Tout klas yo byen ekipe ak teknoloji ansèyman ki gen ladan Tablo Entèlijan ak òdinatè biwo pou ansèyman toulejou. Anplis, yo te anplwaye de (2) pwofesè la pou yon total 43.5 pwofesè. Pandan ane lekòl eskolè an, Distri a te konkli yon kontra lokasyon-acha pou bay 400 enstriman mizik pou elèv yo. Yo te ekipe dis klas mizik elemantè ak Tablo Entèlijan ak lòt materyèl ansèyman.

An 2017-18, Distri a te sèvi 734 elèv nan jaden danfan tan plen. Pou ane fiskal 2018-19 la, tout finansman \$3 milyon dola ameriken an pral sipòte menm sèvis yo menm jan nan de (2) ane anvan yo kote nou t ap sèvi 707 elèv yo.

Amelyorasyon Batiman Lekòl ak Teren pou Jwe yo

Distri a te reponn ak Rekòmandasyon 3 Monitè yo ki rantre nan rapò “Opòtinite Ranvwaye pou pi devan” 14 desanm 2015 la pou kreye yon pwosesis konplè ak yon kominote enklizif pou devlope yon nouvo lyen obligatwa nan objektif pou amelyore transfòmasyon esansyèl ki nesèsè anpil yo. Pandan ane fiskal 2016-17 la, Distri a te konsantre ankò sou jefò li yo pou li jwenn finansman pou bezwen enfrastrikti li yo. Li te òganize epi li te adopte yon referandòm nan dat 6 desanm 2016 la. Gen eleman sa yo nan referandòm lan:

- Yon montan \$58,018,350 dola ameriken, ki destine pou kouvri travay ki pi enpòtan ki nesèsè nan tout batiman Distri yo, ki gen ladan li eleman debaz yo tankou twati kay, chodyè, inite vantilasyon lè, ak fenèt yo.

- Li gen otorizasyon pou itilize \$1,127,920 dola ameriken nan fon EXCEL Eta a pou nouvo fenèt/pòt, pòt deyò, ak ti fenèt lakou yo nan lekòl elemantè Kakiat ak nouvo fenèt nan lekòl Elemantè Fleetwood.

Y ap fin ak konstriksyon esansyèl lan nèt sou yon peryòd tan fikse pou kat ane ki te kòmanse nan peryòd lete 2017.

- Faz I an te kòmanse an ete 2017 la ki gen plis pase \$16 milyon dola ladan li. Yo te mete li sou pye avèk siksè gwo travay konstriksyon esansyèl ki te fèt sou kat (4) twati batiman lekòl yo ak twati batiman administratif la, de (2) teren espò lekòl segondè, de (2) chodyè pou batiman lekòl, ak travay modèl transfòmasyon lekòl jaden danfan jiska 8yèm Klas nan Lekòl entèmedyè Kakiat STEAM.
- Faz II an reprezante yon montan ki estime a \$24 milyon dola ameriken ki te kòmanse nan kòmansman prentan 2018 la epi ki pral fini nan mwa desanm. Gwo travay konstriksyon esansyèl te fèt oswa yo ap fèt nan 11 batiman lekòl yo, ki gen ladan uit (8) do kay, sis (6) chodyè, twa (3) sistèm vantilasyon, faz II transfòmasyon modèl jaden danfan - 8yèm ane Lekòl entèmedyè Kakiat STEAM, ak yon nouvo bibliyotèk nan Lekòl entèmedyè Chestnut Ridge.
- Faz III a reprezante yon montan ki estime a \$19 milyon dola ameriken ki te kòmanse nan prentan 2019 la. Faz III gen ladan li twati, chodyè, fenèt ak dal batiman ki rete yo.

Sitiyasyon finans piblik amelyore

Nan ane fiskal 2017-18 la, Biwo Ofisye finans Eta a te amelyore apelasyon jefò fiskal Distri a⁸ sòti nan “estrès fiskal modere” ak yon nòt 51.7% pou “san apelasyon” ak yon nòt fiskal 23.3%. Biwo Ofisye finans la deziyen distri yo sou gwo estrès fiskal si nòt estrès fiskal la tonbe ant 65-100%. Etandone nan ane 2014-15 la, estrès fiskal Distri a te a 86.7%, Distri a te fè yon gwo amelyorasyon fiskal.

Rezon prensipal pou Distri a amelyore li gen ladan li retablisman balans fon yo ak ekilib bidjetè a sou plizyè ane. Daprè chif preliminè odit egzèsis 2018-19 fiskal la, ki montre yon balans fon total 3.6% ki afekte oswa ki pa afekte nan bidjè 2018-19 la ki te apwouve a, Distri a espere kenbe yon nivo estrès fiskal nan “san apelasyon.” Anplis, Nòt Moody a pou Distri Lekòl la rete nan Baa2 ak pespektif “ki estab.”⁹

⁸ Ou kapab konsilte Zouti Rechèch Sistèm Kontwòl Estrès Fiskal Biwo Ofisye finans Eta yo nan: <http://www1.osc.state.ny.us/localgov/fiscalmonitoring/fsms.cfm>.

⁹ Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou nòt kredi Distri a nan: <https://www.moody.com/credit-ratings/East-Ramapo-Central-School-District-NY-credit-rating-600033656>.

Risk Potansyèl ak Dèt Alavni

Pandan ane 2017-18 la, Distri a te fikse atansyon li sou evalyasyon risk potansyèl ak dèt alavni li yo, epitou pou rezoud anpil nan yo jan sa posib. W ap jwenn yon lis konplè anba la k ap idantifye dèt yo ak yon mizajou sou travay pou abòde yo:

- Nan lane 2011, Distri a te fè yon kontra pèfòmans enèji ak Johnson Controls, Inc pou li enstale anpil kontwòl efikas ak aparèy pou enèji nan tout batiman Distri Lekòl yo. Lakòz te gen dezakò nan kontra a epi finansman pwojè a, koze sila te rive nan medyasyon. Kounya, gen yon akò Konsèy la te apwouve ant Distri a ak Johnson Controls pou peye \$1 milyon dola ameriken nan yon peryòd senk (5) lane k ap kòmanse nan ane fiskal 2017-18 la. Nan mwa jiyè 2018 la, Distri a te fè dezyèm pèman li kise \$200,000 dola ameriken jan règleman an mande sa.
- Nan ane akademik 2011-2012 la, Distri a te chaje fon manje midi lekòl la \$724,616 dola ameriken pou depans esansyèl Depatman Edikasyon Eta New York pa te bay apwobasyon li. Distri a te konkli yon akò Konsèy la te apwouve pou li ranbouse fon manje midi lekòl la pou kantite lajan ki di anwo a pandan yon peryòd sèt (7) lane ki te kòmanse an 2017-18 la.
- Distri a gen yon pwoblèm pèsistan ki pa rezoud ak Distri Santral Ramapo a sou pwosesis reklamasyon pou elèv ki pa nan lekòl piblik yo ki abite nan East Ramapo. Distri a te depoze yon aplikasyon pou “revizyon administratif yon reklamasyon pou peman” devan Depatman Edikasyon Eta New York la. Montan lajan East Ramapo dwe Distri Lekòl Santral East Ramapo (Suffern) pou ane fiskal 2013-14 ak 2014-15 la se \$183,645 dola ameriken.
- Sèvis transpò lekòl la te gen yon feblès enpòtan an 2017-18 la. Orè bis yo te mal pwograme, sa ki te lakòz gwo depans ki pa te nan bidjè a fèt epi ki t ap neseseite ajisteman nan mitan ane a nan wout bis yo.

Bidjè Enprevi 2018-19

Elektè yo refize a de (2) repris bidjè Konsèy la te apwouve an. Jan lalwa mande sa, Konsèy la te adopte yon bidjè pou enprevi ki te reprezante eliminasyon \$4,375,787 dola ameriken sòti nan bidjè Konsèy la te apwouve pou 2018-2019 la. Bidjè lekòl 2018-19 la jwenn ekilib li nan balans finans piblik la, avèk resèt \$231,084,269 dola ameriken epi depans \$231,084,269 dola ameriken. Prelèvman taks 2018-19 la se \$151,461,007 dola ameriken epi montan sa te bloke ane pase (te gen yon ogmantasyon prelèvman taks 1.48% pou ane lekòl 2017-18 la). Bidjè a pa gen ladan li yon sibvansyon pou transpò pou lekòl prive nan jou lekòl piblik yo fèmen, ni li pa bay yon maj manèv nan lè yo bay transpò pou elèv lekòl prive yo.

Tablo 11. Sous Finansman pou Reponn ak Rediksyon Bidjè Enprevi \$4,366,787

Itilizasyon Balans Fon	Rediksyon Pèman Prensipal nan Obligasyon Esansyèl	Rediksyon estaf pèsònèl la, Sèvis yo, ak Retrèt yo
\$959,000 = 21.8%	\$1,163,742 = 26.6%	\$2,253,045 = 51.6%

Bidjè yo te pwopoze a te gen 15 pwofesè k ap pran retrèt yo ladan li. Twa (3) asistan ansèyman yo te ajoute \$148,462 dola ameriken nan kontabilite ekonomi reyalize yo. Ekonomi total 14 lòt pwofesè anplis ki retirete ak 15 sila yo ki gen retrèt antisipe yo te pèmèt yo fè yon lòt ekonomi \$252,000 dola ameriken. Ekonomi yo te gen ladan yo tou retrèt Asistan Direktè Sèvis Transpò an, yon moun nan estaf pèsònèl la te ranplase li ki te gen yon salè ki pi ba. Diferans ki gen nan mitan salè yo te pèmèt yon ekonomi \$31,600 dola ameriken te fèt. Yo pa te revoke okenn pwofesè.

Rediksyon Adisyonèl ak pèt gen ladan li:

- Direktè Edikasyon Segondè, yon pozisyon ki te rantre nan bidjè orijinal yo te pwopoze a, pral pran lòt responsabilite adisyonèl ak amelyorasyon lekòl k ap pèmèt sous finansman altènatif finanse pozisyon an a 80%, ki fè fon jeneral la gen yon ekonomi \$151,222 dola ameriken ladan li.
- Direktè Edikasyon Elemantè a ap konsakre yon gwo pousantaj tan tou nan ansèyman ak nan pwogram ratrapaj (jiska 80%), sa ki lakòz yon ekonomi nan fon jeneral la ki se \$57,203.
- Y ap retire de (2) moun nan manm pèsònèl la, ki ap reprezante yon ekonomi \$231,352.
- Yon ogmante to sèvis la nan lòt sous finansman pou yon sèl responsab estòk ak yon sèl manm pèsònèl (sibvansyon an ap finanse jiska 80%) gen pou rezilta yon ekonomi \$40,381.
- Edikasyon espesyal pral redwi 15 asistan ansèyman pwogram ki pa gen otorizasyon yo, gen yon total \$625,000 dola k ap rantre nan ekonomi. Chanjman modèl ansèyman kolaboratif Distri a fè an redwi kantite asistan ansèyman yo mande yo. Yo te pwopoze tout asistan ansèyman yo pòs asistan pwofesè. Elèv ki gen andikap yo ap kontinye resevwa tout sèvis Plan Edikasyon Endividyèl (Individualize Education Plans, IEP) yo.
- Y ap retire yon enfimyè nan manm pèsònèl la, sa k ap reprezante yo pral ekonomize \$67,123.

- Retrèt Sekirite Sipèvizè a nan Depatman Sèvis Transpò an te jenere yon ekonomi total \$131,508 paske Distri a pa anplwaye lòt moun. Direktè Sèvis Transpò Distri an pral sipèvizè sekirite an.
- Administrasyon santral redui depans ki pa rantre nan salè yo, tankou, ekipman ak materyèl yo te gen pou rezilta yo pral ekonomize \$26,194.

Rekòmandasyon Siveyans Reyalize

Distri a mete sou pye plizyè nan rekòmandasyon Monitè ane pase yo ki gen ladan:

- Envite yon gwoup konsiltatif reyini pou revize anplasman biwo vòt ki deja egziste yo epi rekòmande chanjman pou abòde kesyon aksè an ak ankonbreman. Pou rezilta, Konsèy la te apwouve de (2) nouvo biwo vòt.
- Envite yon komite konsiltatif reyini sou kesyon bidjè a,
- Kreye yon nòt enfòmasyon ak videyo,
- Manyèl preyapwouve ki pa piblik, ak
- Amelyore zouti tradiksyon sou nouvo sit entènèt Distri a.

Preyokipasyon

Gen plis pase 93% distri lekòl ki te apwouve bidjè yo depi nan premye oswa dezyèm vòt yo nan senk (5) dènye ane yo la. East Ramapo se yon ka espesyal ak twa (3) bidjè enprevi pou senk (5) dènye ane yo la. Alavni, li esansyèl pou kominote a ini li pou kreye yon sipò pou bidjè lekòl yo, espesyalman sa yo ki konfòme yo ak prelèvmman taks la.

Estimasyon pou yon senp sipò pou pwogram akademik ki deja egziste yo epi ogmantasyon kantite pasaje k ap pran bis yo monte a plis pase \$20 milyon dola ameriken pandan senk (5) lane. Si yo pa pase men nan bidjè a nan senk (5) ane kap vini yo la, sa pral lakòz nòmalman rediksyon nan pwogram akademik yo, ki reprezante anpil nan bidjè a. Anilasyon bidjè vle di pi gwo klas, mwens sipò pou elèv k ap aprann lang anglè ak elèv ki gen andikap, ak rediksyon nan Plasman Aavanse ak pwopozisyon klas nan nivo inivèsite. Anplis, echèk bidjè a menase kapasite distri a pou li anplwaye epi konsève pwofesè ak administratè byen kalifye li gen yo.

Pou distri sa, se pa jis sèlman pou adopte yon bidjè nan prelevman taks la. Jan sa di pi wo a, Distri a te gen reta pa rapò ak lòt distri ki te toujou pase bidjè yo. Sèl fason pou Distri a ratrape li se pou li kòmanse peye ti eka li gen yo sou prelevman taks yo.

Sèvis transpò ak swen sante reprezante kounya plis pase 25% nan bidjè a epi y ap grandi a plis pase 5% chak ane - plis pase de (2) fwa to enflasyon an. Depans sèvis transpò yo lye an premye ak ogmantasyon kantite pasaje yo. Depans swen sante yo lye ak ogmantasyon siyifikatif ki gen nan asirans sante ak pri medikaman sou preskripsyon yo. Li enpòtan pou Distri a jwenn yon fason pou li metrize depans sa yo.

East Ramapo chita kò li nan wout kat la. Gen amelyorasyon siyifikatif ki fèt nan ansèyman ak lidèchip, epi batiman lekòl yo ak enstalasyon yo te pote yo respekte nòm aktyèl yo. Men, Distri a pa kapab tolere yon lòt bidjè enprevi. Nou pa konnen ki nivo prelevman taks kominote an kapab tolere. Kesyon bidjè se pa yon aktivite yon sèl ane alafwa. Monitè yo angaje pou yo travay avèk kominote a ann antye nèt pou elabore yon plan reyisit alontèm.

Rekòmandasyon

1. Konsèy Edikasyon an ak Direktè an ta dwe rive jwenn kominote a pou yo eksplike li kouman bonjan lekòl piblik yo kapab tounen yon benefis pou tout moun ki nan kominote a.
2. Distri a ta dwe prepare tablo k ap montre tandans chak ane yo sou senk (5) ane ki pase yo la:
 - Resèt ak depans fon jeneral;
 - Balans fon ak debòdeman/defisi;
 - Prelevman taks ak Èd Eta a bay; ak
 - Bidjè an konpare akt Èd Eta a ap bay nan moman an.
3. Kreye yon gwoup travay kominotè pou tabli yon plan bidjè senk (5) lane pou sipòte elèv yo nan bon fason an, epi pou montre pwofi federal, Eta a, ak resèt lokal ki nesèsè pou sipòte plan an. Gwoup travay la ta dwe mande opinyon ki soti nan kominote a sou objektif ranman elèv yo, to gradyasyon, egalite, sèvis transpò ki pa piblik, ak tolerans taks.
4. Distri a ta dwe elabore yon gid entwodiksyon pou piblik la sou kijan lajan yo resevwa pou elèv ki pa piblik yo depanse epi ki mete li sou sit entènèt Distri a.

5. Chèche yon chanjman nan fòmil Èd Jaden Danfan Eta a pou gen ladan li yon kantite elèv ki pa nan lekòl piblik ak lekòl piblik. Pwogram Jaden Danfan East Ramapo an sèvi yon bon kantite elèv nan Distri a, ki gen ladan li yon kantite elèv siyifikatif ki pral frekante Jaden Danfan jiska 12yèm Klas nan lekòl piblik yo.
6. Distri a ta dwe mande Ofisye finans Eta New York la yon odit sou sèvis transpò a pou li kapab tabli yon baz referans pou amelyore pèfòmans yo ak redwi depans yo.
7. Tout manm Konsèy yo ak estaf Distri a ta dwe ale nan fòmasyon Distri a fè a ki gen rapò ak adopte mantalite tout timoun kapab aprann epi demach efikas Distri a. Li fundamental pou Distri a reyisi chanje atitud pou fè evolye mantalite tout elèv kapab reyisi.
8. Distri a ta dwe mete nan yon fòm nimerik kòmand lan, prè, ak tiliv envantè ki apwouve alavans nan lekòl prive yo pou asire li lekòl yo resevwa tiliv yo san reta.